XALIQ DEPUTATLARI NO'KÍS QALASI KEŃESINIŃ SHESHIMI

XALQ DEPUTATLARI NUKUS SHAHAR KENGASHINING QARORI

No'kís qalasi, A.Dosnazarov ko'shesi, 96 **Nukus shahri, A.Dosnazarov ko'chasi, 96**

2023 - yil 16 - fevral VI-59-37-13-195-K/23 Nókis qalası hákimligi

Нөкис қаласындағы географиялық объектлерге (көшелерге) атама бериў ҳәм Нызам талапларына жуўап бермейтуғын көше атамаларын қайта өзгертиў мәселелери ҳаққында

Географиялық объектлерге атама бериў ҳәм қайта атама бериў мәселелери бойынша Нөкис қалалық комиссиясының 2022-жыл 20-декабрь күнги 01/П-158-санлы жыйналыс баянламасы, сондай-ақ, Географиялық объектлерге атама бериў ҳәм қайта атама бериў мәселелери бойынша Қарақалпақстан Республикасы комиссиясының 2023-жыл 23-январь күнги 01-08/5-01/32-санлы жыйналыс баянламасына муўапық, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларының "Географиялық объектлердиң атамалары ҳаққында"ғы Нызам талаплары тийкарында географиялық объектлердиң атамаларын қайта өзгертиў ҳәм жаңадан атама бериў мақсетинде Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңеси

ШЕШИМ ЕТЕДИ:

1. Жергиликли халықтың тарийхый, миллий, этникалық, географиялық, мәмлекетлик тилине байланыслы ҳәм басқа да өзгешеликлерин есапқа алған ҳалда көрип шығылып, усынылған Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларының "Географиялық объектлердиң атамалары ҳаққында"ғы Нызам талапларына жуўап бермейтуғын көшелердиң атамаларын өзгертиў ҳәм жаңадан атама бериў бойынша усыныслар қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Қалалық статистика бөлимине усы шешимниң қосымшасына тийкарланып, атамалары өзгертилетуғын географиялық объектлерди қайта дизимнен өткериў ўазыйпасы жүкленсин.

3. Қалалық ишки ислер органлары жумысларын муўапықластырыў басқармасына атамалары өзгерген көшелердеги пуқаралардың паспортларына тийисли өзгерислер киргизиў ўазыйпасы жүкленсин.

4. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Халық депутатлары Нөкис қалалық Кеңесиниң социаллық-мәдений раўажландырыў мәселелери турақлы комиссиясына жүкленсин.

5. Усы шешим «Пайтахт» газетасында ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтында жәриялансын.

6. Шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Keńes baslıǵı **U.Panaev**

Xalq deputatlari Nókis shahar
Kengashining
2023 yil 16 fevraldagi
VI-59-37-13-195-K/23-son qaroriga
1-ilova

Қала аймағында Нызам талапларына жуўап бермейтуғын көше атамаларын қайта өзгертиў ҳәм жаңадан атама бериў бойынша

УСЫНЫС

№	Көшениң ҳәзирги ўақыттағы атамасы	Өзгертилиўге усыныс етилип атырған көшениң жаңа атамасы	Географиялық объектлердиң түрлери	Аймақлық жайласқан орны
1	Мажнунтал	**Аманияз Жузимбетов,** Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери, “Меҳнат шуҳрати” ордени ийеси	Көше	«Дослық гузары» МПЖ
2	Жойбардағы	**Қәлимбет Султанов**, Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен илим ғайраткери, филология илимлериниң докторы, профессор	Көше	«Кум аўыл» МПЖ
3	Алмазар	**Академик Жуманазар Базарбаев,** Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен илим ғайраткери, ф.и.д., академик	Көше	«Қурылысшы» МПЖ
4	Қарлығаш	**Қадир Хожаметов,** Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен муғаллим, Екинши жәҳән урысы фронт артында хызмет еткен мийнет ветераны	Көше	«Кум аўыл» МПЖ
5	Мәртлик	**Оракбай Кулымбетов,** Екинши жәҳән урысы қатнасыўшысы, мийнет ветераны	Көше	«Қумбыз аўыл» МПЖ
6	Ерназарбий палўан	**АзатАрзиев**, ҚарақалпақстанРеспубликасынамийнети сиңген экономист, экономика илимлериниң кандидаты	Көше	«Өрнек» МПЖ
7	Наруан	**ЖанабайАлламуратов,** Өзбекстан Республикасына хызмет көрсеткен санаат хызметкери, Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен қурылысшы	Көше	«Қос-булақ» МПЖ
8	Гүлдәсте	**Генжемурат Шамуратов,** Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, б.и.д., профессор	Көше	«Қумбыз аўыл» МПЖ
9	Нурлы	**Кенжебай Балаханов,** Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен қурылысшы	Көше	«Қурылысшы» МПЖ

10	Жойбардағы	**Шаудырбай Сейтов,** Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты	Көше	«Қутлы мәкан» МПЖ
11	Гәўир қала	**Уллы дәўир**	Көше	«Наўрыз» МПЖ
12	Гөруғлы	**Абат мәкан**	Көше	«Нәўбәхәр» МПЖ
13	Рәўшан	**Бахыт**	Көше	«Жийдели байсын» МПЖ
14	Жойбардағы	**Жаңа дәўир**	Көше	«Жийдели байсын» МПЖ